

CHRONIQUE
CRÉOLE

Spécial communauté haïtienne de New York

Pwovèb Nan Dyaspòra: Ki Wòl Yo?

Par Rozvèl Jean-Baptiste*

Lè on moun deplase kite peyi l al viv on lòt kote, menm si li ta pati ak rad sou kò l sèlman, gen on bagay ki pi enpòtan pase tout byen li te ka posede li pote avèk li: memwa li. Se memwa on moun ki tout vi li. On pati nan memwa chak moun se souvni pèsònèl li: memwa fanmi ak zanmi, memwa katye ak vil, memwa tout eksperyans pèsònèl. On lòt pati nan memwa a, se on memwa eritay, kidonk memwa leve-jwenn¹ tout on gwoup moun: memwa koutim ak abitud (abitud manje, abitud abiye, abitud bon lizay, koutim jwèt, koutim fèt, koutim renmen...) ak memwa lang gwoup la pale.

Lè on gwoup moun ki gen menm memwa leve-jwenn vin twouve yo nan on menm peyi, se memwa leve-jwenn yo ki kenbe yo ansanm, se li menm ki pèmèt lòt gwoup moun, ki gen memwa eritay pa yo, rekonnèt yo kòm on gwoup. Pati ki pi enpòtan nan memwa leve-jwenn lan, se lang tout gwoup la pale a: se lang lan ki sèvi siman leve-jwenn lan. Se li menm tou ki pèmèt gwoup la transmèt tout pati enpòtan nan leve-jwenn lan bay timoun k ap fèt nan gwoup la. Kidonk, pou gwoup la reyisi nan travay sa a, li enpòtan pou l konprann plas lang lan: fò tout gwoup la sèvi ak lang lan, fò l pale l, fò li ba l valè, fò l pa lage l, fò l pa voye l jete.

Lè on gwoup ap goumen pou l kenbe lang li ak leve-jwenn li nan dyaspòra...

Gen 2 gwo fòs k ap fè presyon sou tout gwoup k ap fè efò pou yo konsève epi transmèt lang yo ak leve-jwenn yo nan dyaspòra: premyèman, nesésite pou

gwoup la aprann lang ak leve-jwenn sosyete kote li tabli a pou li kapab rive jwenn plas li nan sosyete sa a: kòm gwoup la pa ka reaji an blòk devan presyon sa a, gen tandans pou gen moun nan gwoup la ki meprize oswa lage lang ak leve-jwenn yo; dezyèmman, timoun ki fèt nan gwoup la, gen plis chans pou se lang ak leve-jwenn sosyete kote yo fèt la ki sèvi memwa eritay yo— kidonk lang ak leve-jwenn grandèt yo rete sèlman kòm on memwa pèsònèl pou yo.

Chema m prezante la a, se fason nòmral sityasyon an parèt pou nenpòt ki gwoup ki tabli nan dyaspòra. Men plis on gwoup gen pwoblèm pou l aksepte lang li ak leve-jwenn li, montre li fyè de yo (pwoblèm ki gendwa gen divès kòz), se plis li gen pwoblèm pou l kenbe yo nan dyaspòra. Gwoup pa nou an soufri jan de maladi sa a. Nan on sityasyon kousa, li enpòtan pou tout moun k ap reflechi sou lavi kominote a chache idantifye epi konprann mwayen kòdyòm gwoup la kapab sèvi pou ede l kenbe lang li ak leve-jwenn li.

Sou fwontyè² lang ak leve-jwenn nou kontre ak pwovèb yo, on ja chaje ak pawòl, yo chak gen kachte anndan yo on ti ranmasse eksperyans on pèp nan tout branch lavi li sou fòm on leson: *sa pou nou fè, sa pou nou pa fè; sa k dwe fèt, sa k pa dwe fèt; jan sa fèt pou fèt, jan sa pa dwe fèt*. Pa egzanzp, lè nou di: «Chen di gade pa twòp!», leson nou vle fè chonje se eksperyans lè on chen kanpe ap gade, gen espwa, depi moun l ap gade a po ko fin manje, li ka jwenn on grabday. Se sa leve-jwenn nou ban nou, e se sa lè n ap grandi nou kwè. Se sa k fè yo konsidere pwovèb yo tankou pawòl granmoun: on pawòl ekspere

ryans, on pawòl sajès, on pawòl ki gen on ti limyè laverite. Pa bliye tou: «Bouch granmoun santi, men pawòl nan bouch li pa santi.»

... pwovèb li yo kapab vin ede l

Sèvi ak pwovèb nou yo se youn nan fason nou kapab rive kenbe kontak ak lang nou ansanm ak leve-jwenn nou nan dyaspòra. Pwovèb yo kapab pèmèt jenerasyon ki prale ak jenerasyon k ap vini kenbe men youn ak lòt pou pèmèt lang nou ak leve-jwenn nou rete djanm. Pwovèb yo ban nou prensip ak moral ki ka sèvi bousòl pou gide kominote a. Gen pwovèb pou tout sikonstans. On pwovèb kapab di plis pase on pakèt pawòl anpil, men tou sa kapab sèvi on mwayen pou granmoun tanmen on koze ak timoun sou kesyon ki enpòtan pou lavi yo. On jan pou m kapab montre fason nou ka sèvi ak pwovèb nan dyaspòra, m pral reflechi avèk nou sou on pwovèb m twouve ki gen on kokenn chenn enpòtans pou lavi gwoup nou an: «Di bonjou montre chemen.» Gen 2 pyès Moris Siksto ki montre klè enpòtans pou nou aprann timoun nou yo di bonjou. Sanba mèta-pawòl la koumanse *Ti Santaniz* konsa: «Bonjou madanm pi bon pase konn lawout. Pou ou al wè koze sa a byen, se bò Chapèl Sen Wòk. Moun Bò Chapèl, depi ou gen on bonjou nan bouch ou, y ap monte jous mòn Tayfè, jous mòn Malanga pou y al montre ou nenpòt ki kay.»

Nou wè klè la a, nan esplikasyon Siksto a, demonstrasyon pwovèb «Di bonjou montre chemen» an. Lè ou sou wout, on kout «Bonjou Matant!», osnon «Bonjou Tonton!», osnon «Bonjou Ti Matmwazèl!» ap montre ou ki wout pou ou fè.

Konsa tou si ou pa ta konn wout tou epi tou pa ta konn di bonjou, ou bannann. Se sa menm M. Siksto montre nou nan *Monkonpè Teyofil*. Etan Siksto ap pale ak Teyofil, on nèg parèt, «san l pa menm salye Teyofil, li di Teyofil konsa: «Koute non, èske ou kapab di mwen kote bès Absalon rete bò isi a?» Teyofil voye msye al mache; nan pwòp mo pa Teyofil, li voye msye a al rekonnèt li (kidonk li voye l al mete bon sans li, bon lizay li sou li), pou nou pa di li voye l al kay Madan Bonjou.

Di bonjou, se pa sèlman chemen/wout/adès on kote ou vle ale li montre ou, sa l ka montre ou tou se on chemen esplikasyon, on chemen debouche. On moun ou abitye di bonjou, on moun ou abitye salye l, si ou bezwen on esplikasyon l ap ba ou l, osnon l ap chache l pou ou; menm jan tou, si ou ap chache on travay, on relasyon bonjou kapab kreye on debouche pou ou.

Nou ka al pi lwen toujou: lè on timoun konn di moun bonjou, tout moun konsidere l, tout moun apresye l; yo di li se on timoun ki byennelve; si on malè pral rive l, tout moun dispoze pou espadonnen l; yo fè granmoun li konpliman, paske tout moun konnen se paske yo ba l bon prensip lakay li ki fè l byennelve. (Nou ka imagine tout konsekans sa ka genyen lè on kominote konsidere on timoun maldev.)

On timoun ki aprann di moun li rankontre bonjou, sa pèmèt li vin gen sans respè pou moun: se nan devlope respè pou moun, l ap aprann vin gen respè pou pwòp tèt pa l. Nan respè pou tèt pa l, l ap vin gen respè pou kominote l ak pou leve-jwenn li.

GWO KONKOU LITERATI

Soti 1 jwen pou rive 30 out 2005
Nan kad jounen entènasyonal lang kreyòl la
28 oktòb 2005

Kondisyon : Yon tèks an ayisyen sou Ayiti ki pa depase 25 liy

Voye tèks la nan adrès sa a :

Haïti Tribune - Konkou Literati
190, Bd de Charonne
75020 Paris - France

Anpil pri pral desène ladan yo : Yon lo liv sou Literati, Filozofi, Pwezi pou moun ki pote premye pri a. Men sipriz pral fè mikalaw. Pa ezite voye tèks nou yo.

Moun ki pote kole pou konkou sa a ka reyalize :
Librairie Toussaint Louverture - Haïti Tribune
Kamera International Production
Radio Kòn Lanbi - Une Ecole Pour Haïti
Théorème Productions
Les Taxis Haïtiens - Himextra
Chimene Boutique
mail : franky_kyky@yahoo.fr

Nan fè kòmantè ak kèk moun sou pwovèb, m konn tande tout kalite prejije. Gen moun ki kwè pwovèb pa konsène tout moun: sa konsène kèk moun sèlman (tankou moun k ap eseye etidye pwovèb, moun k ap ekri, moun k ap chante); gen lòt moun ki kwè pwovèb se afè moun andeyò (lè lakontantman anvayi kè Derilis poutèt on 10 goud minis la lage nan men l, epi Derilis ap neye sévo minis la anba pwovèb, minis la di: « Ah, ces proverbes des gens du peuple! »); gen lòt moun ankò ki kwè pwovèb se bagay tan lontan (se jan granmoun lontan pale, sa pa alamòd jodi a). Li enpòtan pou m di: non, pwovèb se pa bagay pou bèl flè, ni bagay moun andeyò, ni bagay tan lontan. Menm si on moun pa t gen konsyans te gen pwovèb nan vi li lè l ap grandi, baz prensip ak lizay nou yo anrejistre nan pwovèb yo, e se sou fòm sa a yo soti nan gran-gran-grann ak gran-gran-papa rive vin jwenn nou.

*Rozevel Jean-Baptiste. Linguiste. Tient une chronique en langue créole à l'hebdomadaire Haitian Times, New York. Travaille pour le compte du Département de l'éducation de la ville de New York.

¹.M sèvi ak lide 'leve-jwenn' lan nan sans tout bagay nèt nou jwenn ki egziste nan sosyete nou lè n ap grandi: lang, prensip, abitud, koutim... Men leve-jwenn lan, se pa on bagay ki rete kachte nan on bwat: li la nan lavi nou, nou sèvi avèk li, kidonk li chanje, li adapte, li devlope. Konsa chak timoun ki fèt nan on sosyete vin eritye leve-jwenn lan nan on pwen nan devlopman leve-jwenn lan.

².Mo «fontyè» a pa vrèman montre rapò ki genyen ant 'lang' ak 'leve-jwenn' paske se pa on rapò ki senp: 1) Lang lan se on pati nan leve-jwenn lan, menmsi se youn nan pyès ki enpòtan nan leve-jwenn lan; 2) Lang lan pèmèt nou pale de leve-jwenn lan, de tout pati leve-jwenn lan, menm de lang lan tou li menm; 3) Lang ak leve-jwenn gen on rapò ale-vini, youn aji sou lòt, tout tan, san rete.

Dennyè Mo

Nanm	Ki vin chante
Nanm peyi mwen	Dennyè priyè lwa w yo
Peyi	Se yon kòk michan
Peyi nanm mwen	Pitit zantray ou
Mwen di w « Onè »	Pitit grenn vant ou
Reponn mwen «Respè»	Ki vin leve ou nan dòmi
Mwen di w «Respè»	Nanm peyi mwen
Reponn mwen «Onè»	Peyi nanm mwen
Se pa yon move pè	Mwen di w « Onè »
Legliz katolik	Reponn mwen « Respè ! »

Soti nan : « Madichon Sanba Dlo Nan Sensè a », 2003

Men tow a! Denize Lotu se yon nèg ki fèt Jakmèl 11 me 1946. Plim misye pa manje anyen ki frèt. Lè li te piti, li te ale lekòl ka frè. 1960: Li antre Salezyen e li soti mekanisyan-ajistè. An 1968, li pati Nouyòk; e an 1977, li pran diplòm sosyoloji li. An 1980, li pran yon diplòm mèl lekòl. Depi lè sa a, misye se pwofesè nan Kolèj « St Thomas Aquinas » nan leta Nouyòk. Depi 1974, misye ekri yon pakèt tèks an kreyòl ak an angle. Misye gen yon kokennchenn sikse nan piblik ameriken pou liv li ekri pou timoun ka gwo edite ameriken tankou: Putnam (*Father and son*, 1993/1996); Simon and Schuster (*Running the Road to ABC*, 1996/2000/2003).

AVIS DE RECHERCHE

Port-au-Prince,
le 15 juillet 2005

La Police nationale d'Haïti informe le public que des ravisseurs viennent de kidnapper à l'Avenue Poupe-lard, un petit garçon de 11 ans, répondant au nom de Eden Paul Emmanuel Janvier, fils de madame Andriane Janvier, de couleur noire, portant une chemise bleue et un pantalon noir, tennis blanc, cheveux crépus de taille moyenne. En conséquence, cette direction demande à la po-

pulation haïtienne sa collaboration en donnant des informations aux numéros du Commissariat 222-2004, 222-2003, 222-2001 et au centre de renseignements opérationnel, afin que ce petit garçon puisse rentrer chez lui et calmer l'inquiétude de ses parents. La Police nationale d'Haïti renouvelle son engagement à la population, celui de « protéger et servir »

Frantz Camille
Inspecteur Chef de service

Dennyè nouel

La jistis libere jounen madi 2 aout 2005 lan ansyen nimero 2 Frap la Louis Jodel Chamblain aprè l finn pase yon bon bout tan nan prison. Se reponsable GDP a Ronald St Jean ki anonse nouél l

Plis pase yon milyon 500 mil moun deja enskri pou fè kat idantifikasyon nasyonal yo dapre prezidan komisyon elektoral la Pierre Richard Duchemin. Manm KEP a anonse yo pral entale anviwon yon santèn post elektoral nan plizyè kwen peyi a pou satisfè revandikasyon sitoyen yo.



TOUS LES DIMANCHES
DE 13H A 16H

LE BOULEVARD DU COMPAS
SUR ESPACE FM 98.8

SPÉCIALISTE
DE LA MUSIQUE HAÏTIENNE
INFORMATIONS ET DÉBATS

Avec M. Marchand et
F. Mompérouse

Tél. : 01.40.87.79.00